Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета




№ 38 (6670) 2 сентябрь 2019 с. Итни МухIаррам 1441 с. Багьа - эркенаб

БАРКИЯЛ

## Баракатаблъун батаги ЦIияб, 1441 - абилеб, сон

**Хириял диналъул вацал ва яцал. РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб гьижрияб ЦIияб, 1441 - абилеб, сон!**

Аллагьас нилъер араб соналъ ккаралщинал мунагьал чураги ва цIияб сон баракатаб, сахлъи бугеб, талихIаб, хIарамалдаса рикIкIалъараб, гIибадаталда даимлъараб, Аллагьасда ракI хурхараблъун гьабеги. Аллагьас нилъее тавпикъ кьеги битIараб нух кквезе.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## Баркула Лъаялъул къо

**Районалъул лъайкьеялъул киналго хIалтIухъабазда, цIалдохъабазда, умумузда, тIолалго районцоязда ракI-ракIалъ баркула тIаде щвараб цIияб 2019-2020 цIалул сон.**

Учитель – киназго гьеб цIар рехсола чIухIадго ва къадруялда. МугIалимасул махщел – гьеб ккола бищунго хIажатаблъун ва къиматаблъун. Щайгурелул, гьес лъимал куцала рижараб ракьалде, гIагараб ВатIаналде рокьи бугеллъун, батIибатIиял бутIабазда лъикIал махщалилаллъун рахьине, улкаялъе пайдаял гIуцIарухъабилъун рукIине.

ЦIияб цIалул сон нужер щивасе букIаги лъикIал ишаздалъун, цIияцIиял гьунараздалъун ва лъайкьеялъул рахъалъ рохалил харбаздалъун гьарзаяб ва бечедаб.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб гIумру, рекъел ва талихI, цIалулъги захIматалъулаб хIаракатчилъиялъулъги бергьенлъаби ва церетIеял.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## Ветеринарияв хIалтIухъанасул къо

**ХIурматиял районалъул ветеринарияб управлениялъул хIалтIухъаби! РакI-ракIалъ баркула нужеда – нужер махщалилаб байрам – ветеринарияв хIалтIухъанасул къо! Районалъул экономикаялъул аслияб бутIалъун кколеб росдал магIишат цебетIезабиялъулъ, гIи-боцIи, гьездаса рахъулел продуктаби гIезариялъулъ, гьезул качество борхизабиялъулъ нужер кIудияб хIаракатчилъи буго.**

**Гьарула нужее, халатаб гIумру, сахлъи, икъбал, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби!**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

ГIЕЛМУ - ХАЗИНА

# Школаз цIунула росаби

### МугIалимзабазул августалъулаб дандельи

**МугIалимзабазул августалъулаб дандельи тIобитIана 27 августалда Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул отделалъул дандельабазул залалда. Гьелда гIахьаллъи гьабуна школазул директорзабаз, мугIалимаз, яслиахазул нухмалъулез, тарбиячагIаз, росабазул бегавулзабаз, школазда цересел лъайкьеялъул учреждениязул хIалтIухъабаз, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулез, районалъул имамас. Гьединго дандельиялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул нухмалъулев ХIажимурад МухIамадов, районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиев ва цогидалги.**

ЦIияб цIалул сон мугIалимзабазда баркун кIалъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов.

«Ассаламу гIалайкум, хIурматиял мугIалимзаби! Районалъул нухмалъулезул, дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула нужеда Бакълъулазул районалъул мугIалимзабазул августалъулаб дандельи ва тIаде щолеб бугеб Лъаязул къо.

Районалъул администрациялъ кIудияб кIвар кьолеб буго лъайкьей цебетIезабиялде. Хирияб КъурIаналда буго «Икъраъ» абураб аят, гьелъул магIна ккола «ЦIале!» абураб. Нилъ исламалъ ахIулел руго Китаялде щвезегIан унги лъай босеян. Лъайкьеялъул киналго учреждениязда цебе масъала лъун буго хIасилал лъикIлъизаризе, лъайкьеялъул даража борхизабизе, республикаялъул ва улкаялъул конкурсазда бергьенлъаби росизе, бакълъулаз киса-кибего жалго мустахIикъаб хIалалъ рихьизаруледухъ хIалтIи гIуцIизе.

Лъайкьеялъул система букIине кколеб даражаялде бахинабиялъе, районалъул нухмалъулез бажарараб щинаб гьабулеб буго. Ниж жигаралда цадахъ рекъон хIалтIулел руго республикаялъул гьеб бутIаялъул ведомствабигун, гIахьаллъулел руго лъайкьей цебетIезабиялде ралагьарал федералиял ва республикаялъулал программабазда.




(Ахир - 2 - аб. гьумералда)

НОМЕРАЛДА РУГО:



День памяти известного религиозного деятеля, досточтимого шейха Саида Афанди из Чиркея

-2 стр.



«150 школа» проекталда - ункъо мактаб

-2 гьум.



ЦIияб Аргъваниве - кIиго мугIалим

-3 гьум.



Хьачагъал рачахъаралдаса 20 сон тIубаялде мелъелдерица турнир тIобитIана

4 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ГIали-хIажи



# День памяти известного религиозного деятеля, досточтимого шейха Саида Афанди из Чиркея

**28 августа 2012 года, 7 лет назад, на пути Аллаха ушел в вечность, став мучеником веры, один из духовных лидеров Дагестана, Кавказа и всей России, досточтимый шейх Саид Афанди из Чиркея.**



Всю свою жизнь устаз посвятил служению Всевышнему, наставлял людей на пусть истины, уберег Дагестан от братоубийственных конфликтов, своей позицией и миротворческой деятельностью обеспечил в республике общественно-политическую стабильность и мир.

В лихие 90-е годы XX столетия и в сложные годы возрождения страны в начале XXI века досточтимый шейх Саид Афанди призвал своих многочисленных последователей только к добру, миру, истинному исламу. Благодаря такой мудрой позиции устаза, удалось избежать затяжных смут и сохранить целостность республики и страны. В 1999 году, когда на территорию Дагестана вторглись международные террористы, Саид Афанди выступил с проповедью, осуждающей террор, призвал народ встать на защиту веры и Родины. Благодаря благодати, баракату достопочтенного шейха Саида Афанди и других истинных устазов, мы смогли сберечь республику и чистоту нашей религии.

Да не лишит нас Аллагь бараката досточтимого шейха Саида Афанди. Амин.

**Глава Гумбетовского района**
**Хаджимурад Магомедов**

КОЛОНКА ГЛАВНОГО РЕДАКТОРА

# Философия творчества Магомеда Патахова

**Магомед Патахов – поэт редкого дарования, глубокий мыслитель, опытный редактор, вдумчивый публицист, человек из народа.**



Аварский язык в произведениях Магомеда Патахова переливается всеми цветами радуги, и пишет он всем сердцем, всеми фибрами души. «Эхо», «Росинки», «Сабр», «Когда нет слов, капает слеза», «Эхо мудрости» и другие книги и произведения поэта нашли живой отклик у читателей, стали весомым вкладом в национальную литературу Дагестана.

Стихотворения, поэмы, размышления, статьи и другие произведения Патахова я читал с детства. С ранних лет жил национальной литературой, не пропускал номера художественных журналов, газет. В 18 лет, приехав в Махачкалу, посчастливилось познакомиться с самим мастером слова. Мы с Магомедом подружились и честно несем это литературное братство по жизни. Магомед Патахов познакомил меня с народными поэтами Абасил Магомедом, Магомедом Ахмедовым и другими деятелями нашей многогранной и разноплановой культуры.

Благодарен Всевышнему за добрых людей, с которыми участвую в общих проектах литературного, публицистического, общественного направления.

Руководитель секции аварской литературы Союза писателей Дагестана, лауреат Государственной премии имени Расула Гамзатова Магомед Патахов каждую пятницу, после джумы-намаза, в 14:00, собирает пишущих, читающих, слушающих людей в Литературном музее Расула Гамзатова на очередную встречу в режиме «Свободного годекана».

# Школаз цIунула росаби

**(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)**

Баянаб букIахъе, Владимир Васильевас лъикIаблъун рикIкIараб «Нусго школа» программаялда рекьон, араб соналъ капиталияб ремот гьабуна Игьали гьоркьохъеб ва МельелтIа аслияб школазе. Республикаялъулаб цогидаб программаялда рекьон, МельелтIа, ЧIиркъатIа, Гьарадирихъ школазе щвана цIиял микроавтобусал.

2019 соналъ республикаялъулаб «150 школа» программаялде гьорлъе ккана Килалъ, Гьарадирихъ, Аргъвани ва ЛъаратIа гьоркьохъел школал. Рехсарал лъайкьеялъул учреждениязда гьабулеб буго капиталияб ремонт, лъималазе рес щвела гьанжесел шартIал гIуцIарал школазда лъай босизе.

«Гьанжезаманалъул школа» федералияб программаялда рекьон, МельелтIа ва ЧIиркъатIа гьоркьохъел школазда кIиго аудитория гьанжесеб техникаялдалъун хьезабун буго. Гьединаб хIалалъ, нильеда бажарана «ЦебетIеялъул точка» программаялда гIахьаллъизе. Бакълъулазул районалъул школазда руго медицинаялъул кабинетал. ЦIияб Аргъваниб балеб буго школалъе мина.

Районалъул нухмалъулел зама-заманалда щола лъималазул ахакье, школазде. Лъайкьей цебетIезабиялда цадахъго, кIудияб кIвар кьола лъималазе тарбия кьей лъикI гIуцIиялдеги.

ГIолеб гIел экстремизмалъул идеологиялдаса цIунизелъун, лъайкьеялъул учреждениязда тIоритIула районалъул администрациялъул хIалтIухъабазулгун, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабулел инспекторазулгун, рухIиял церехъабазулгун ва цогидал жамгIиял церехъабазулгун дандчIваял.

Районалъул киналго мугIалимзабазда, цIалдохъабазда, умумузда баркула тIаде щолеб бугеб 2019-2020 цIалул сон. ЦIияб цIалул сон бергьенлъабазул цIураблъун лъугьаги», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

2019-2020 цIалул соналда лъайкьеялъул качество борхизабиялъул хIакъалъулъ докладгун кIалъазе вахъана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадов. Доклад букIана гьваридаб магIнаялъул, киналго рахьал гьорлъе рачараб. Баян гьабуна федералиял ва республикаялъулал, программаби гIумрузде рахъинариялъул. Районалда тIуразарулел руго «Росдал учитель», «ЦебетIеялъул точка», «Гьанже заманалъул школа», «150 школа» ва цогидалги программаби, - ян абуна гьес. Рехсана цIияб цIалул соналде гьабун бугеб хIадурлъиялъул, араб цIалул соналда федералиял, республикаялъулал ва районалъулал олимпиадазда конкурсазда бергьарал цIалдохъабазул цIарал.

Районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул аслияв махщалилав Сурхай Сурхаевас содокладалда рехсана араб цIалул соналда ЕГЭялде, ОГЭялде гьабун букIараб хIадурлъиялъул ва ккарал хIасилазул.

ХIалтIулъ ругел гIолел гIоларел рахьазул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас бицун хадур, докладалда тIасан кIалъазе рахъана тIадеги лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель ГIали ГIумархIажиев, Игьали гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев СагIид МухIамадов, МельелтIа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулей Эльмира МухIамадова, Аргъвани гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев МухIамад ГIалиев, МельелтIа аслияб школалъул нухмалъулей Зульфия ХIажимурадова, Килалъ росдал поселениялъул бетIер АхIмад Каримов. Гьединго данделъиялда кIалъазе вахъана районалъул имам МухIамад МухIамадов ва цогидалги.

Гьоркьоб лъураб суалалда хурхун къабул гьабуна хIукмуги.

**ГIайшат Исламбиева**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# «150 школа» проекталда - ункъо мактаб

## Школал цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул суал гьоркьоб лъуна

**Бакълъулазул районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъиялда гьоркьоб лъуна лъайкьеялъул учреждениял цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул хIакъалъулъ суал.**



Данделъи рагьана ва бачана муниципалитеталъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

Данделъиялда гIахьаллъана лъайкьеялъул учреждениязул нухмалъулел, росабазул администрациязул бутIрул, районалъул администрациялъул аппаралъул хIалтIухъаби ва цогидалги. Данделъиялъул аслияб суалалда тIасан доклад гьабуна лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас.

«Лъайкьеялъул отделалъ ва лъайкьеялъул гIуцIабаз цIияб цIалул соналде хIадурлъи гьабиялъе ва гIуцIа-къайгун 2019 – 2020 цIалул соналда байбихьи мурадалда гьаризе ругел хIалтIаби рихьизарун план бахъун букIана. Лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъабаз, 27 июлалдаса 12 августалде щвезегIан, цIияб цIалул соналде школал къабул гьари гIуцIана. Лъайкьеялъул киналго гIуцIабазул руго лицензиял.

Киналго школазда гьабуна косметическияб ремонт, байбихьул классазул цIалдохъабазе хинаб квен кьеялъе чIезарун руго шартIал. ГIезегIанго лъикIлъана школазул библиотекаби цIалул тIахьаздалъун хьезари, хIалтIи гьабулеб буго электронияб библиотечнияб система гIуцIиялъе, школазул мебель цIигьабиялъе. Школал цIияб цIалул соналде хIадур гьаруна тIалабалги хIисабалде росун, цIа ккеялдаса, терроризмалдаса, санитариял нормаби ва цогидалги тIалабал цIуниялъул суалазде кIварги кьун», - ян абуна Рамазан МухIамадовас.

Данделъиялда гьединго кIалъазе рахьана Аргъвани гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев МухIамад ГIалиев, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев Гьайирбег ХIусейнов ва цогидалги.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас гьоркьоб лъураб суалалда хурхун дандрекъон кколел тIадкъаял кьуна. «Нилъер гIумруялъулъ кIвар бугеб бакI ккола лъайкьеялъ. Лъималазе лъайщвеялъе санагIатал шартIал чIезари, лъайкьеялъул даража борхизаби ккола аслияб масъала ва гьеб тIубазабиялъе гIоло къеркьезеги ккола», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

КЬАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# ЦIияб Аргъваниве - кIиго мугIалим

### «Росдал мугIалим» проект гьоркьоб лъураб республикаялъулаб данделъиялда гIахьаллъана ХIажимурад МухIамадов

**29 августалда Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас гIахьаллъи гьабуна «Росдал мугIалим» абураб социалияб программа гIумруялде бахъинабиялъул суал гьоркьоб лъураб республикаялъулаб данделъиялда. Гьеб тадбир тIобитIана Дагъистаналъул лъайкьей цебетIезабиялъул институталда (ДИРО). Гьенир гIахьаллъана районазул бутIрул ва лъайкьеялъул идарабазул хIалтIухъаби.**

Данделъи рагьана ва бачана ДРялъул ХIукуматалъул председателасул заместитель – Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министр Уммупазиль ГIумаровалъ. Данделъиялда гьединго гIахьаллъана ДИРОялъул нухмалъулев, социологиял гIелмабазул доктор ХIамзат Жамалудиновги. Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баян гьабуна 2019-2020 цIалул соналъ «Росдал мугIалим» программаялда рекъон тIаса вищарав кIиго махщалилав хIалтIизе вугин районалдаян.

«ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалда гIолел рукIинчIо цо-цо гIелмаби малъизе мугIалимзаби. «Росдал мугIалим» программаялда рекъон гьеб школалде рачIине руго историялъул ва обществознаниялъул мугIалим Керим Ордашов ва байбихьул классазда дарсал кьолей Аминат ГIумарова. Проекталда гIахьаллъулезе чIезабизе буго жанир чIезе рукъзал, рукIа-рахъиналъе ва хIалтIуе санагIатал шартIал. Гьел махщалилазе методикияб кумек гьабизе буго ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъ», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

«Данделъиялда гIахьаллъана «Росдал мугIалим» проекталда рекъон вачIарав, росабазул школазда лъайкье-зе къотIи хъварав лъебергоялдаса цIикIкIун чи. Росабазул школазда лъайкьеялъул даража борхизабизе кумек гьабизе буго гьеб проекталъ», - ян абуна Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Газил рогIразда лажбар бахунеб буго

### Газ бачиналъул ва цогидалги кIвар бугел суалазул халгьабуна районалъул администрациялъул данделъиялда

**Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана газ бачиналъул ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьенир гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, бакIалъулаб самоуправлениялъул вакилзаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, социалияб хъулухъалъул хIалтIухъаби ва цогидалги.**

Данделъи рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас бицана пенсиязул реформабазул, пенсиял, пособиял кьеялда хурхарал законазда хиса-басиязул.

Дагъистанстаталъул Бакълъулазул районалда вугев бетIерав специалист-эксперт МухIамад Лабазановас ракIаде щвезабуна учреждениязул хIаракатчилъиялъул, гьелдаго цадахъ росдал магIишаталъул предприятиязулги баянал, отчетал гIужда кьезе кколеблъи. Гьединго мухIкан гьарулел руго, 2020 соналъ тIобитIизе бугеб ТIолгороссиялъул халкъазул хъвай-хъвагIай гьабиялде хIадурлъиялда бан, къватIазе цIарал, минабазе номерал кьеялъул хIалтIаби.

Районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаровас баян гьабуна сахлъи цIуниялъул бутIаялда бугеб хIал, медикаментазул цIияб партия кватIичIого бачIине букIин. Ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас абуна лабораториялъул анализал гьаризе гIиядаса би бахъанин.

Северияб Кавказалъул «Машук» форумалда гIахьаллъи гьабулеб буго Бакълъулазул районалдаса анцIгоялдаса цIикIкIун гIолилас. Муниципалитеталда район тун къватIирехун ругел ракьцоязда гьоркьоб гьабулеб буго ВатIан бокьиялъул рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия кьеялъул хIалтIи, гIуцIулел руго шартIал спорт цебетIезабиялъе, хIухьбахъиялъе. ГIолилазул



политика гIумруялде бахъинабиялъул бугеб хIалалъул бицана районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировас.

ЦIияб цIалул соналде лъайкьеялъул учреждениязгьабураб хIадурлъиялъул, «150 школа», «ЦебетIеялъул точка», «Росдал мугIалим» ва цогидалги проектал тIураялъул, гьединго медицинаялъул кабинетал школазда рагьун рукIиналъул баян кьуна лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас. Гьес абуна республикаялъул нухмалъиялъ, районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас кIудияб кIвар кьолеб бугин лъайкьей цебетIезабиялде ва тIадехунисел идарабазул тIадкъаял тIуразаризе кколин.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулей Асият ГIабдурахIмановалъ рехсана араб анкьалъ 164 чиясе пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабураблъи.

«ЧIиркъатIа бугеб гьалбадерил рокъоре, районалъул тарихиял ва тIабигIиял памятниказде гIемер туристал рачIунел руго Россиялъул регионаздаса гурелги, къватIисел пачалихъаздасаги. Театралъул соналда хурхун, Бакълъулазул районалда хIадурлъи гьабулеб буго Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав артист Муса ГIабасов ракIалде щвеялъул вечер тIобитIиялде», - ян абуна муниципалитеталъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас.

«Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас бицана газ биччалелде росдал жанисел газалъул мухъал хIадур гьариялъул бугеб хIалалъул, газалъул рогIразда лажбар бахунеб, абонентазулгун хIалтIи гьабулеб букIиналъул. ГIабдунасировас гьединго баян кьуна 1999 соналъ Дагъистаналде рачIарал халкъазда гьоркьосел хъачагъал щущахъ риххизаруралдаса 20 сон тIубаялъул хIурматалда МухIамадкамил СагIидовасул цIар кьураб мини-футболалъул турнир тIобитIанин.

Бакълъулазул районалъул нухмалъулезул рахъалдасан баркала кьуна, Сивухъ росдал къо тIобитIи тIадегIанаб даражаялда гIуцIаралъухъ, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовасе ва районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировасе. НурухIма МухIамадовас баян гьабуна медицинаялъул хIалтIухъабазда гьоркьоб спортивияб тадбир тIобитIараблъиги.

Муниципалитеталъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас бицана ДРялъул юстициялъул министерствоялъулгун, цогидалги ведомствабазулгун цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIулеб букIиналъул.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна, кьуна тIадкъаял, киналго ахIана жеги жигаралда хIалтIизе, гIадамазе хъулухъ жиндир заманалда ва качествоялда гьабизе.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

# Мажлис, хъатбай, палугьаби...

### Бакълъулазул районалъул Басрияб Сивухъ росдал къо тIобитIана

**Басрияб Сивухъ росулъ тIобитIана росдал къо, гьелда хурхун маданиял, спортивиял, туристлъиялъулал, халкъиял тадбирал гIуцIа-къан ана. Байрам тIобитIулаго спорталъул миллиял тайпабазул къецалги рукIана - кварцIай, хъатбай, гамачI реххи, чIорбутIалъ речIчIи ва цогидалги.**

Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас сахъадерида ва гьалбадерида баркана байрам.

«Росдал къо – гьеб буго пайдаяб байрам. Росдал къо тIобитIиялъ халкъ гъункизабула, росабазул рахъкквеялъул, нилъер росаби церетIезариялъул суалал тIуразе квербакъула. Сахъал чанго нусго соналъ яшав гьабун магIарухъ рукIана, КIудияб ВатIанияб рагъул соназда Чачаналъе гочинаруна. ДандчIварал захIмалъабазухъ балагьичIого, сахъал лъикIаб яшавалъе гIоло къеркьана. МустахIикъаб бутIа лъуна гитлерилаб фашизм щущахъ биххизабиялъулъ, ВатIаналъе гIоло рухI кьуна гIемерал рагъухъабаз.

Сахъадерил вакилзаби руго дунялалъул гIемерал пачалихъазда, гьезда кIочонаро жидерго тарихияб ВатIан, хурхен-бухьен ккола Бакълъулазул районалъулгун, щола магIарухъе басрияб росулъе.

Бакълъулазул районалъул нухмалъулез бажарарабщинаб гьабулеб буго муниципалитеталъул росаби кинабго рахъалъ церетIезариялъе. Дагъистан республикаялъул нухмалъулезул рахъккввеялдалъун гIумруялде рахъинарулел руго магIарухъ яшав лъикIлъизабиялде, гражда극 жиндир заманалда хъулухъ гьабиялде ралагьарал программаби ва проектал», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Росдал къоялъул байрамалда кIалъазе рахъана республикаялъул МугIрузул территориалияб округалда Муфтияталъул ихтияр кодосев вакил ХIабиб МухIамадов, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, МахIачхъалаялъул централияб мажгиталъул имамасул заместитель МухIамад Къурбандибиров, районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайиров, Бакълъулазул районалъул имамзабазул Советалъул председатель МухIамад МухIамадов, Хасавюрт районалъул имам Ражаб Ханмирзаев, Сивухъ росдал бетIер ГIали ГIалиев, ДРялъул мустахIикъав артист ХирамухIамад ХирамухIамадов, Сивухъ росдал имам Рамазан МухIамадов, «Сивухъ» агрофирмаялъул нухмалъулев Шахбан Гъазиев, Сивухъ росдал жамагIаталъул вакил АхIмад Ибрагьимов, «Сивухъ росдал гIолилал» ДРООялъул куратор СагIид ГIалиев ва цогидалги.



КIалъазе рахъараз абуна улка росуялъ хьихьулин, росаби цIунизе ва церетIезаризе, батIи-батIиял программаби росабалъ гIумруялде рахъинаризе кколин.

Росдал къоялда гIахьаллъаразе лъикIаб асар гьабураб церерахъин букIана палугьабазул «Пехлеван» къокъаялъул. Къокъаялъул нухмалъулев, Дагъистаналъул маданияталъул машгьурав хIаракатчи АсхIабгIали ХIасановас Бакълъулазе баркала кьуна лъикIаб гьоболлъиялъухъ.

Спортивиял къецазда бергьаразе кьуна кубокал, грамотаби ва цогидалги сайгъатал.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГӀАЛ - МАГӀАРУЛАЛ ЧӀАХЪАГИ

## Хъачагъал рачахъаралдаса 20 сон тӀубаялде мелъелдерица турнир тӀобитӀана

### МахӀачхъалаялда МухӀамадкамил СагӀидов ракӀалде щвеялъул мини-футболалъул турнир

**Хъачагъал щущахъ риххизаруралдаса 20 сон тӀубаялъе сайгъат гьабураб, МухӀамадкамил СагӀидов ракӀалде щвеялъул мини-футболалъул турнир тӀобитӀана МахӀачхъалаялда. Къецал ана батӀибатӀиял районазда ва шагьаразда гӀумру тӀами гьабулел ругел Бакълъулазул районалъул МелъелтӀаса спортсменазда гьоркьор.**



Спортивиял тадбиразда гӀахьаллъана 1999 соналъул августалда республикаялъул ополченцаздасан жидеего бокьун гӀуцӀараб отрядалъул – интернационалияб бригадаялъул командирасул заместитель МухӀамад Ильясов, интернационалияб бригадаялъул штабалъул нухмалъулев УхӀума ГӀабдулкъадиров, Бакълъулазул районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухтарахӀмад АхӀмадов, Россиялъул МВДялъул Гумбетазда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидов, «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетӀер ГӀабдунасиров, Ингишо росдал бетӀер Камалудин Бибулатов, ЧӀикь росдал бетӀер МухӀамад МухӀамадов, Афгъанисталалда рагъул ветераназул ва инвалидазул ТӀолгороссиялъул жамгӀияб гӀуцӀиялъул Гумбеталъул бакӀалъулаб отделениялъул председатель МухӀамадрасул Сулайманов ва цогидалги.

Сахрат МухӀамадовасул цӀаралда бугеб МелъелтӀа аслияб школалъул тарихалъул мугӀалим Рамазан ГӀабдурахӀмановас бицана 1999 соналъул августалъул лъугьа-бахъиназул, жиндир хӀурматалда турниралъе цӀар кьурав МухӀамадкамил СагӀидовасул хӀакъалъулъ. Турнир рагьана ва бергьаразе шапакъатал кьуна МухӀамадкамил СагӀидовасул гӀагарав чи ва махщелцояв ГӀабдула МухӀамадовас.

Къецазда гӀахьаллъана 13 команда. Турниралда тӀоцебесеб бакӀ «Ликана» командаялъ, кӀиабилеб – «Кизилюрт», лъабабилеб – «Горцы» командалъ ккуна. 16 сон тӀубачӀел лъималазда гьоркьор къецазда тӀоцебесеб бакӀалъе «Новомехельта – 1», кӀиабилеб бакӀалъе «Новомехельта – 2», лъабабилеб бакӀалъе «Мехельта – 1» команда мустахӀикълъана.

Гьениб турниралъул гӀуцӀарухъан, МелъелтӀа росдал поселениялъул бетӀер МухӀамад ГӀабдунасировас абуна турнир щибаб соналъ тӀобитӀизе бугилан.

ТӀоцебесеб бакӀ ккураб командаялъе ва призеразе кьуна медалал, грамотаби, гьединго гӀарцулал сайгъатал. ГӀарцулал сайгъатал щвана бищун лъикӀ 5 номинациялда хӀарал спорсменазеги.

МелъелтӀа росдал поселениялъул бетӀер МухӀамад ГӀабдунасировасе гӀолилаз кӀудияб баркала кьолеб буго турнир тӀобитӀаралъухъ, квен чӀезабуралъухъ, тӀокӀлъи бихьизабурал командабазе, хӀаялда гӀахьаллъаразе, МухӀамадкамил СагӀидов гьорлъе кколеб букӀараб комендантскияб ротаялъул рагъухъабазе кьезе гӀарац биччаралъухъ. Гьединго баркала загьир гьабуна турнир тӀобитӀулаго кумек гьабурал киназего.

**«Гумбет» РИО**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧӀЧӀАНИ

## Гъоркь Инхоб тукада - музей

### МахӀмуд ИбнумахӀсудовасул тукен: заманаялъул гьоко

**Бакълъулазул районалъул Гъоркь Инхо росулъа предприниматель МахӀмуд ИбнумахӀсудовас «МахӀачхъала-Болъихъ» шагьранухлул рагӀалда бугеб тукада рагьун буго музей. Тукаде щварал сапарчагӀазул рес буго музеялда ругел, церегосел тӀагӀалабазул халгьабизе, магӀарулазул цебе букӀараб яшавалъул, Дагъистаналъул тарихалъул хӀакъалъулъ баянал лъазе.**



МахӀмуд ИбнумахӀсудовасул рагӀабазда рекъон, гьес магӀарулазул рукӀа-рахъиналъул тӀагӀалаби, хӀалтӀул алатал, цогидалги экспонатал тӀубараб гӀумруялъго ракӀарун руго.

«Музеялда руго гӀажаибал экспонатал. Гьезда гьоркьор руго хасго къимат бугел хунжрул ва магӀарулаз пайда босулеб букӀараб цогидабги кьвагьулареб ярагъ. ХӀалбихьи бугев устарас гьабураб чармил ханжар магӀарулазул чӀухӀилъун букӀана цебе. Гьединго музеялда гӀемер руго хӀалтӀул алатал. Умумуз гьел хӀалтӀизарулаан тӀиял гьарун ахал гӀезарулаго, хурзабахъ. СапарчагӀи гӀажаиблъизарула гьединал экспонатаз. Улкаялъул цогидал регионаздаса туристазги абула музеялда ругел тӀагӀалабаз жидее кӀочонареб асар гьабулин», - ян бицана МахӀмуд ИбнумасхӀудовас.

СапарчагӀазе МахӀмудица чӀобого чай кьола, гӀуцӀула гурхӀел-рахӀмуялъулал акциял ва кампаниял.

Бакълъулазул районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовасул хӀаракаталдалъун районалда хӀалтӀулел руго гьалбадерил рукъзал, рагьун руго туристлъиялъулал маршрутал. Районалда руго гӀажаибал тарихиял ва тӀабигӀиял памятникал. Соналдаса соналде цӀикӀкӀунеб буго районалде рачӀунел туристазул къадар.

**«Гумбет» РИО**

БИЦЕ, ЭБЕЛ - ВАТӀАН

## Улкаялъул байрахъ - миллаталъул гӀаламат

### Россиялъул Пачалихъияб байрахъалъул къо кӀодо гьабуна

**Бакълъулазул районалъул росабалъ кӀодо гьабуна Пачалихъияб байрахъалъул къо.**

Гьеб къоялда хурхун гургинаб стол, гара-чӀвариял, спортивиял тадбирал тӀоритӀана, выставкаби, букӀинал гӀуцӀана. Инхоса ГӀалихӀажиясул цӀаралда бугеб централияб библиотекаялда тӀобитӀана «Пачалихъияб байрахъ – нилъер чӀухӀи» абураб цӀаралда гьоркь гургинаб стол. Россиялъул халкъазул гӀадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул хӀалтӀухъабаз рахъккуна «Дун россиялъулав – дун дагъистанияв» абураб республикаялъулаб акциялъул ва гӀадамазе кьуна лъабго мухъ бугел лентаби.

ЧӀахӀияб гӀелалъул гӀадамал ракӀарун, школлъимал къабул гьарун, пачалихъияб байрахъалъул хӀакъалъулъ гара-чӀвариял гьаруна маданиялгун хӀухьбахъиялъул централъе нухмалъулел – ИчичӀалиб МухӀамад Ханахъаевас, ЦӀиликь ГӀабдухаликъ ГӀубайдовас, хъутаналда бугеб Первомайское росулъ Чакар Гъазилаевалъ, Щабдухъ Раисат Абакаровалъ, МелъелтӀа росдал библиотекаялъул нухмалъулей Аминат Халидовалъ ва цогидазги. «Нилъер умумузул байрахъ – Россиялъул байрахъалъе рецц гьабизин» абураб ахӀиялда гьоркь ЛъаратӀа маданияб централъул нухмалъулей Бика ГъазихӀмаевалъ лъималазда гьоркьор спортивиял тадбирал тӀоритӀана.

**«Гумбет» РИО**

## Молодежь Гумбетовского района приняла участие в X Северо-Кавказском молодежном форуме «Машук-2019»

**Накануне в Пятигорске состоялась церемония закрытия X Северо-Кавказского молодежного форума «Машук-2019».**

Молодежь Гумбетовского района приняла активное участие в форуме и представила свои проекты. В форуме приняли участие 3 тыс. человек. Одной из основных задач форума является формирование межрегиональных молодежных проектных команд, привлечение работодателей с целью работы с участниками для решения производственных задач для дальнейшего трудоустройства или приглашения на практику. В рамках форума участники получают представление о культуре, традициях и обычаях народов и народностей Северного Кавказа.

**РИО «Гумбет»**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**В связи с созданием Министерством обороны Российской Федерации проекта «Дорога памяти», в целях сохранения священной памяти о ветеранах ВОВ, мы собираем дополнительные сведения об участниках ВОВ, работниках оборонных предприятий и про жителей блокадного Ленинграда.**

Если кто-либо распологает какими-нибудь дополнительными сведениями о своих родственниках, если таковые имеются, пусть обращаются в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского районов Республики Дагестан, с.Дылым.

**Арсен Магомедов,**
**военный комиссар Казбековского и Гумбетовского районов**

БетӀерав редактор
ХӀамзат МухӀамадович ГӀизудинов
телефон: 26-254
Газета гӀуцӀаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтӀа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияб секретарь
Къурмагъиз ХӀадисова
Корреспондентал:
ГӀайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухӀамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухӀамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахӀачхъала, Петр ТӀоцевесесул къватӀ, 61

Газета къватӀибе бачӀунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цӀаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватӀибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хӀакъикъаталда: 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.